

Direksyon pou Sèvis ak Aktivite pou Jèn yo

Prensip ak direksyon sa yo prepare pou ede jèn yo ak dirijan adilt yo lè yo reyini ansanm an konsèy pou yo planifye opòtinite pou sèvis siyifikan ak aktivite ki bon kalite ak amizan. Prensip ak direksyon sa a yo ka sèvi kòm yon resous nan pieu, pawas, ak reyinyon konsèy jèn yo tou.

PRENSIP

Aktivite yo ta dwe planifye epi egzekite pa dirijan kowòm yo ak dirijan klas yo, avèk sipò nan men konsiltan adilt yo. Aktivite yo ta dwe:

- Ranfòse lafwa jenerasyon k ap grandi a nan Pè Selès la ak nan Pitit Gason I la, Jezikri, epi ede jèn yo ak fanmi yo pwogrese sou chemen alyans lan pandan y ap fè fas ak pwoblèm lavi yo.
- Ofri jèn yo sipò ak santiman entegrasyon nan ranfòse inite nan kowòm ak klas la epi nan devlope relasyon yo avèk kamarad yo, dirijan yo, ak fanmi yo.
- Ofri opòtinite ekilibre pou jèn yo ka sèvi lòt moun epi pou yo devlope espiyèlman, sosyalman, fizikman, ak entèlektyèlman (gade [Lik 2:52](#)).
- Ofri eksperyans ki ede jènjan ak jènfi yo prepare pou yo ranpli wòl diven yo.
- Suiv tout prensip ak direksyon pou sekirite Legliz la bay yo (gade [safety.ChurchofJesusChrist.org](https://www.churchofjesuschrist.org/safety)).

DIREKSYON

Direksyon ki pi ba yo ka bezwen adapte selon kondisyon lokal yo, sou direksyon dirijan lokal yo:

- Òganize sèvis ak aktivite chak semèn kote sa posib. Sèvis ak aktivite yo ka òganize mwen souvan baze sou bezwen ak sitiasyon manm kowòm yo ak manm klas yo men yo ta dwe fèt omwen chak mwa.
- Prepare yon kalandriye pou omwen twa mwa alavans. Sa ap asire ke nou planifye yon varyete aktivite motivan ak espesifik ki byen ekilibre, baze sou prensip ki pi wo yo, pou satisfè bezwen endividyèl chak moun ki nan kowòm nan ak klas la.
- Chèche jwenn opòtinite pou jèn yo ofri sèvis siyifikatif pou moun, pou fanmi yo, ak kominote a. Konsidere bezwen ak enterè chak manm ki nan kowòm nan ak klas la pandan w ap ankouraje yo pou yo depase tèt yo nan ede.
- Paskè aktivite konbine pou jènjan ak jènfi yo patikilyèman benefik, òganize yo chak mwa kote sa posib. Aktivite konbine pou jèn ki pi gran yo gen dwa fèt pi souvan.
- Bay jèn yo opòtinite pou yo asiste konferans yo ak kan yo.
 - Jèn ki rive nan laj 14 an ak plis yo pral asiste konferans FSY (Pou Fòs Jèn yo) chak dezan. Konferans ak randone (trek) pou jèn yo ka fèt nan ane kote pa gen yon konferans FSY.
 - Kan pou jènfi yo ak kan pou kowòm Prètriz Aawon yo ka fèt chak ane.
 - Nou ka òganize lòt kan ak aktivite adisyonèl ki gen rete lannuit ladan yo tou. Pou jènjan yo, yo ankouraje nou pou nou òganize twa rive sis kan ki gen pase nuit ladan yo oswa lòt aktivite adisyonèl chak ane kote sa kapab fèt.
- Chèche ide pou aktivite kowòm ak klas yo nan [ChurchofJesusChrist.org/youth/activities](https://www.churchofjesuschrist.org/youth/activities). Itilize [Pou Fòs Jèn yo](#) (2011) kòm yon resous nan planifikasyon aktivite yo.

DOKIMANTASYON

Manyèl 2: Administre Legliz la, chapit 8, 10, ak 13

[YoungWomen.ChurchofJesusChrist.org](https://www.YoungWomen.ChurchofJesusChrist.org)

[AaronicPriesthoodQuorums.ChurchofJesusChrist.org](https://www.AaronicPriesthoodQuorums.ChurchofJesusChrist.org)